Bu kenn ci yéen jullee ci benn yére te dara tegewul ci kaw mbaggam

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «Bu kenn ci yéen jullee ci benn yére te dara tegewul ci kaw mbaggam».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na kuy julli ci benn yére ay mbaggam di feeñ dara teguwul ci kawam; ndaxte ñaari mbagg yi donte duñu awra, muur leen moo gën a jàppandi muur awra wi, te moo gën a jege màggal Yàlla mu màgg mi, ag màggal ko ci jamono yi mu taxawe ci kanamam ci julli gi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/10639